



I. OBJEKTIF

Objektif Règleman sou Asistans Finansye sa a se pou etabli direktiv ki konsistan pou bay tout Pasyan ki kalifye ki gen Asirans ak Pasyan ki pa gen Asirans nan Indiana University Health ("IU Health") yo Asistans Finansye, kèlkeswa kapasite yo pou yo peye pou sèvis yo.

II. SA KI NAN RÈGLEMAN AN

Règleman sa a aplike pou pasyan ki elijib k ap resevwa Swen ki Kalifye, jan sa defini nan règleman sa a, epi li aplike pou frè yo faktire nan lopital IU Health, kay pwofesyonèl swen nan IU Health Medical Group (IUHMG), nan Sant Chiriji Anbilatwa IU Health (ASC), ak frè famasi an detay IU Health, ki gen ladan sèvis ijans ak/oswa sèvis ki nesèsè pou rezon medikal, kèlkeswa lokal la.

Règleman sa a pa aplike pou frè pou sèvis pwofesyonèl swen sante endividyèl ki pa anplwaye pou IUHMG yo founi yo; li sèlman kouvri frè pou sèvis pwofesyonèl swen ki anplwaye IUHMG yo founi. Gen yon lis ki fè diferans ant pwofesyonèl swen ki anplwaye IUHMG ak pwofesyonèl swen ki pa anplwaye IUHMG yo, ki ka ap bay sèvis nan lokal IU Health yo, ki disponib sou sit entènèt <https://iuhealth.org/pay-a-bill/financial-assistance>.

III. EKSEPSYON

Komite Asistans Finansye a dwe apwouve nenpòt eksepsyon ki gen nan Règleman sa a.

IV. DEFINISYON

Montan yo Faktire Anjeneral (AGB): Montan yo faktire anjeneral pou swen dijans oswa lòt swen medikal nesèsè bay moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo.

Byen: Nenpòt byen materyèl oswa imateryèl yon pasyan oswa moun ki garanti l la posede ak/oswa kontwole ki gen vo yon kantite lajan.

Mezi Rekouvremen Eksepsyonèl (ECA): Aksyon IU Health oswa ajan li yo pran kont yon pasyan oswa yon moun ki bay garanti pou yo jwenn peman pou swen ki kouvri anba Règleman sa a.

Nivo Povrete Federal (FPL): Se Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an ki pibliye Rekòmandasyon sa yo chak ane. Yo detèmine nivo yo dapre kantite moun ki gen nan yon kay individyèl ak revni anyèl yo.

Asistans Finansye: Yon rediksyon nan montan Patisipasyon Finansye Pasyan ki sou kont yon pasyan oswa moun ki bay garanti pou li a, ki kalifye pou asistans anba Règleman sa a.

Aplikasyon pou Asistans Finansye: Yon aplikasyon pou Asistans Finansye fòmèl pasyan an oswa moun ki bay garanti pou li a ranpli.

Komite Asistans Finansye: Yon komite ki gen ladan manm ekip Sèvis Sik Revni yo ki responsab pou revize apèl kont Desizyon konsènan Asistans Finansye ak sèten demann pou Asistans Finansye.

Desizyon pou Asistans Finansye: Yon akò oswa yon refi pou Asistans Finansye ki fèt anba Règleman sa a.

Frè Brit: Pri total, pri yo fikse pou swen medikal lopital la chaje pasyan yo yon fason konsistan e inifòm anvan li aplike nenpòt alokasyon, rabè oswa dediksyon nan kontra a.

Difikilte Finansye: Yon enkapasite oswa gwo difikilte pou peye depans rezonab pou atik debaz ak atik ki nesèsè yo.

Fwaye: Tout moun ki nan lis deklarasyon taks sou revni federal yon pasyan, oswa moun ki bay garanti pou li a. Moun ki bay garanti pou yon depandan ki minè epi ki pa deklare depandan an sou taks federal li yo ka soumèt yon òdonans tribinal kòm prèv sityasyon kay depandan an. Si revni pasyan an oswa moun ki bay garanti a pa jistifye depo yon deklarasyon taks federal, pasyan an oswa moun ki bay garanti a ka soumèt yon afidavi ki ateste sa ki anwo yo.

Revni: Enterè, dividann, salè, konpansasyon pou lòt sèvis, ti konsèy, pansyon, frè pou sèvis ou touche, pri machandiz ou vann, revni ki soti nan lokasyon, pwofi sou vant lòt pwopriyete, pansyon alimantè, oswa dwa otè.

Moun ki Abite nan Indiana: Nenpòt moun ki te abite nan Indiana nan moman apwobasyon an epi ki ka bay yon lisans chofè Indiana oswa de nan dokiman sa yo:

- Konfimasyon chanjman adrès nan men Sèvis Lapòs Etazini.
- Yon kat enskripsyon elektè nan Indiana.
- Etid kadas pwopriyete w la nan Indiana.
- Fakti konpayi sèvis piblik, kat kredi, doktè, oswa lopital ou resevwa nan entèval 60 jou anvan aplikasyon an.
- Ipotèk rezidans oswa kontra prè menm jan an, oswa kontra lwaye oswa lokasyon.
- Rele labank oswa resi tranzaksyon labank, ki gen dat entèval 60 jou anvan aplikasyon an.
- Jistifikatif peman prè machin aktyèl la.
- Yon kontra asirans pwopriyete kay, lokatè, oswa machin ki valab e ki gen dat entèval yon ane anvan aplikasyon an.
- Fòmilè W-2, taks sou pwopriyete, fakti taks sou konsomasyon byen, oswa deklarasyon rezime avantaj anyèl Administrasyon Sekirite Sosyal la oswa lòt pansyon oswa retrèt, ki gen dat ane aktyèl la oswa dat ane ki vini touswit anvan an.
- Souch peman pre-enprime, ki gen dat entèval 60 jou anvan aplikasyon an.
- Souch chèk pansyon alimantè Depatman Sèvis pou Timoun Indiana, deklarasyon avantaj Medicaid oswa Medicare ki gen dat entèval 60 jou anvan aplikasyon an.
- Kourye lapòs priorite ki soti nan nenpòt tribinal oswa ajans federal oswa leta, ki gen dat entèval 60 jou anvan aplikasyon an.
- Dosye lekòl piblik oswa prive ki gen ladan non ak adrès rezidans yon elèv ki enskri.

Pasyan ki Gen Asirans: Yon pasyan ki gen yon plan asirans komèsyal, yon plan asirans/asistans gouvènman an, oswa yon kontra oswa yon ansyen akò yo te negosye avèk IU Health kote pasyan an se yon pati konsène oswa yon benefisyè.

Swen ki Nesesè pou Rezon Medikal: Sèvis oswa atik swen sante ki nesèsè pou anpeche, dyagnostike oswa trete yon maladi, yon blesi, yon kondisyon, yon maladi oswa sentòm li yo epi ki satisfè medikaman estanda yo akseptè yo.

Sèvis ki Pa Kouvri: Yon sèvis oswa founiti swen sante ki pa enkli nan pwoteksyon asirans aktyèl yon Pasyan ki Gen Asirans epi pasyan an pa negosye yon kontra oswa yon akò avèk IU Health pou peman sèvis la.

Patisipasyon Finansye Pasyan an: Pòsyon frè pasyan an responsab pou li peye, ki gen ladan nenpòt ko-asirans, kopeman, franchiz, ak frè pou sèvis ki pa kouvri.

Akò ki Negosye Davans: Yon akò kote yo deside davans epi fikse pri yon tretman anvan tretman an

kòmanse. Li pa yon plan peman.

Swen Kalifye: Sèvis pou trete kondisyon medikal kote si pa gen yon prizanchaj medikal imedya sa ta ka petèt lakoz sante moun nan an danje grav, pwoblèm grav nan fonksyon kòporèl yo, oswa disfonksyon grav nan nenpòt ògàn oswa pati nan kò a; oswa sèvis ki trete kondisyon medikal ki mwens grav pase sa yo ki mande atansyon medikal imedya, men ki ap mete sante moun nan an danje grav si li pa jwenn tretman medikal touswit.

Pasyan ki Gen yon Asirans Limite: Yon Pasyan ki Gen Asirans kote li ta ka gen difikilte finansye oswa pèsònèl pou li peye totalman pati pa li nan frè yo jan règleman sa a detèmine sa.

Pasyan ki Pa Gen Asirans: Yon pasyan ki pa gen yon plan asirans komèsyal, yon plan asirans/asistans gouvènman an, oswa yon kontra oswa yon ansyen akò ki te negosye avèk IU Health kote pasyan an se yon pati konsène oswa yon benefisyè.

V. DEKLARASYON REGLEMAN AN

A. Jeneral

1. IU Health p ap refize, retade, ni dekouraje bay sèvis ijans yo baze sou kapasite yon pasyan pou li peye pri sèvis sa yo, dapre Lwa sou Tretman Medikal Ijan ak Akouchman (EMTALA).
2. IU Health p ap fè pasyan ki kalifye pou asistans finansye peye plis pase Montan yo Faktire Anjeneral (AGB) pou swen ijan oswa pou swen ki nesèsè pou rezon medikal.
3. Y ap pran Desizyon sou Asistans Finansye yo san konsidere laj, ras, relijyon, koulè po, sèks, andikap, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, zansèt, ak sityasyon famiyal pasyan an.
4. IU Health pral angaje l yon fason aktif pou li enfòme tout pasyan sou disponibilite Asistans Finansye yo.

B. Rabè ki Pa nan Règleman sou Asistans Finansye a

1. IU Health ka ofri lòt rediksyon sou pri swen ki pa defini espesyalman nan Règleman sa a. Yo pa deklare rabè sa yo kòm asistans finansye nan Anèks H nan Fòm 990 IU Health la.

C. Rabè sou Montan yo Faktire Anjeneral Pasyan ki Pa Gen Asirans

1. Asistans Finansye atravè yon rediksyon nan Patisipasyon Finansye Pasyan an nan Montan yo Faktire Anjeneral yo disponib pou tout Pasyan ki Pa Gen Asirans ki vin chèche sèvis nan yon etablisman lopital IU Health.
2. Rabè sa a ap aplike otomatikman, epi ou pa bezwen ranpli yon Aplikasyon pou Asistans Finansye.

D. Lòt Rabè pou Pasyan ki Pa Gen Asirans

1. Pasyan ki Pa Gen Asirans k ap resevwa swen nan men yon pwofesyonèl swen ki se anplwaye IU Health Medical Group, nan yon ASC IU Health, oswa nan yon famasi an detay IU Health ka resevwa yon rabè sou pri yo.

E. Rabè pou Pasyan K ap Resevwa Sèvis ki Pa Kouvri

1. IU Health ka pwolonje Asistans Finansye a atravè yon rediksyon sou Patisipasyon Finansye Pasyan pou Pasyan ki Gen Asirans k ap resevwa Sèvis ki pa Kouvri yo, jan li dekri anba la a:
 - a. Swasannkenz pousan (75%) rediksyon pou Pasyan ki Gen Asirans ki resevwa avi ki di yo pa gen pwoteksyon anvan yo resevwa sèvis yo;
 - b. Yon rediksyon san pousan (100%) pou Pasyan ki Gen Asirans ki pa t resevwa avi ki di yo pa t gen pwoteksyon anvan yo te resevwa sèvis yo;
2. IU Health ka aplike rediksyon an apre li fin resevwa yon refi pou reklamasyon an akòz pasyan pa gen pwoteksyon oswa sou demann pasyan an, a kondisyon pasyan an kalifye pou Asistans Finansye anba Seksyon D sa a.
3. Pasyan ki Gen Asirans yo pa oblije aplike pou Asistans Finansye pou Sèvis ki pa Kouvri yo.

F. Asistans Finansye akòz Difikilte Finansye

1. Pou yon pasyan oswa yon moun ki bay garanti a kalifye pou Asistans Finansye akòz Difikilte Finansye anba Règleman sa a, li dwe:
 - a. Soumèt yon Aplikasyon pou Asistans Finansye ki ranpli ansanm ak tout dokiman sipò yo epi pou yo apwouve w selon Règleman sa a;
 - b. Ou dwe ap viv nan Indiana jan sa defini nan Règleman sa a; epi
2. Si ou pa gen asirans, pale ak yon manm nan departman Konsèy Finansye IU Health la pou w

konnen si ou ka jwenn pwoteksyon swen sante nan men yon asirans gouvènman an oswa yon plan asistans, Mache Asirans Sante a, oswa nan nenpòt lòt sous ki bay kouvèti asirans.

3. Asistans Finansye akòz Difikilte Finansye disponib sèlman pou Swen ki Kalifye, jan sa defini nan Règleman sa a.
4. Men nivo revni FPL ki aplikab anba seksyon sa a:

| Kantite Adilt Ki nan Kay la* | # Depandan ki nan Kay la | Limit Revni FPL |
|------------------------------|--------------------------|-----------------|
| 1 oswa plis | 0 | 200% |
| 2 oswa plis | 1 oswa plis | 250% |
| 11 | 1 oswa plis | 300% |

*Nan kèk ka, yon adilt ka kalifye tou antanke yon depandan. Lè sa rive, IU Health ap trete granmoun nan kòm yon depandan pou rezon kalkil FPL la.

G. Asistans Finansye akòz Difikilte Pèsonèl

1. Pou yon pasyan oswa moun ki bay garanti a kalifye pou Asistans Finansye akòz Difikilte pèsonèl anba Règleman sa a, li dwe:
 - a. Soumèt yon Aplikasyon pou Asistans Finansye ki ranpli ansanm ak tout dokiman sipò yo epi pou yo apwouve w selon Règleman sa a;
 - b. Ou dwe ap viv nan Indiana jan sa defini nan Règleman sa a; epi
 - c. Si ou pa gen asirans, pale ak yon manm nan departman Konsèy Finansye IU Health la pou w konnen si ou ka jwenn pwoteksyon swen sante nan men yon asirans gouvènman an oswa yon plan asistans, Mache Asirans Sante a, oswa nan nenpòt lòt sous ki bay kouvèti asirans.
2. Yon pasyan ki Pa Gen Asirans oswa ki Gen Asirans Limite, oswa moun ki bay garanti pou li a, ka kalifye pou Asistans Finansye si montan nan Patisipasyon Finansye Pasyan fwaye a poko peye a depase 5% nan revni anyèl kay pasyan an oswa moun ki bay garanti pou li a.
3. Si yo apwouve l, balans Kay la ap redwi a 5% nan revni anyèl kay pasyan an oswa moun ki bay garanti a.
4. IU Health ka itilize sous done ekstèn pou detèmine kalifikasyon an epi li ka ajiste balans pasyan yo dapre Règleman sa a, alòs yo ka konsidere pasyan yo kòm prezime kalifye pou asistans finansye akòz Difikilte Pèsonèl.

H. Peryòd Elijibilite

1. Si IU Health apwouve pasyan an pou Asistans Finansye anba Seksyon IV.EF yo, pasyan an gen garanti l ap resevwa asistans finansye pou tretman pwoblèm medikal yo te egzamine l pou li anvan sa a, kote yo te evalye ak apwouve pasyan an oparavan pou rezon sa, pou rès ane kalandriye a.
2. Kòm yon kondisyon pou yo pwolonje Asistans Finansye ki ankou a, pasyan an dwe konfòme l avèk demann IU Health fè pou verifiye si pasyan an kontinye satisfè kondisyon kalifikasyon yo.

I. Apèl ak Asistans Komite Asistans Finansye a Akòde

1. Komite Asistans Finansye a pral egzamine epi pran desizyon sou tout demann apèl ki gen rapò ak Asistans Finansye. Si yon pasyan oswa moun ki bay garanti a vle fè apèl kont yon Desizyon sou Asistans Finansye, li dwe soumèt yon demann, ansanm ak nenpòt lòt enfòmasyon oswa dokiman sipò yo egzijje, si sa aplikab.
2. Komite Asistans Finansye a pral egzamine demann yo epi li ka bay plis Asistans Finansye, tankou, men pa limite a, bagay sa yo:
 - a. Asistans pou pasyan k ap chèche tretman kote se sèlman IU Health ki ka bay li nan Indiana oswa ki t ap benefisyè sèvis medikal kontini nan men IU Health pou kontinite swen;
 - b. Swen yon Ofisye Medikal Anchèf (CMO), yon Ofisye Egzekitif Anchèf (CEO) oswa yon Ofisye Finansye Anchèf (CFO) apwouve nan yon etablisman oswa reyon IU Health, ki gen ladan sèvis ki pa opsyonèl ki nesèsè pou medikal, kote yo pa ka idantifye okenn sous peman pou yo;
 - c. Swen yo bay lè yo konnen pa gen okenn sous peman ki egziste;
 - d. Swen yo bay, akòz ijans medikal, yon moun k ap peye a refize peman;
 - e. Éd imanité entènasyonal; ak
 - f. Lòt swen Komite Asistans Finansye a idantifye ki konfòm ak Misyon IU Health.
3. Tout desizyon Komite Asistans Finansye a pran se desizyon final yo ye.

J. Kalifikasyon Prezime

1. Yon Aplikasyon pou Asistans Finansye pa obligatwa pou resevwa Asistans

Finansye anba seksyon Kalifikasyon Prezime sa a.

- a. IU Health ka itilize sous done ekstèn pou konfime kalifikasyon prezime epi ajiste balans yo selon Règleman sa a.
2. IU Health ap konsidere pasyan yo oswa moun ki bay garanti pou yo a kòm prezime kalifye pou Asistans Finansye si yo wè yo kalifye pou youn nan pwogram sa yo epi pasyan an te resevwa Swen ki Kalifye, jan sa defini nan Règleman sa a.
 - a. Medicaid (nenpòt eta)
 - b. Sèvis Swen Sante Espesyal pou Timoun nan Indiana
 - c. Plan Healthy Indiana
 - d. Pasyan ki benefisye Kalifikasyon Prezime nan Lopital (PE)
 - e. Pasyan yo apwouve pou pwogram Eskenazi Health Advantage la
 - f. Yon pwogram leta ak/oswa federal ki asire l revni brit kay pasyan an oswa moun ki bay garanti a satisfè nivo revni FPL la.
3. IU Health pral fè yon revizyon chak twa mwa sou tout kont ki plase kay yon ajans rekouvremant patnè depi omwen sanven (120) jou apre kont lan kalifye pou yon ECA jan sa endike nan Règleman sa a. Si kritè nòt endividyèl pasyan an oswa moun ki bay garanti a demontre pasyan an plizoumwon gen chans ak/oswa gen tandans pou li peye oswa li pa gen kredi, yo ka konsidere pasyan an oswa moun ki bay garanti a kòm prezime kalifye pou Asistans Finansye.
 - a. IU Health ka fè tou yon revizyon menm jan regilyèman sou balans pasyan yo ki pa plase kay yon ajans rekouvremant, epi konsidere pasyan yo kòm prezime kalifye pou Asistans Finansye.
4. Yo ka akòde Asistans Finansye tou nan sikonstans sa yo:
 - a. Si yo konnen pasyan an oswa moun ki bay garanti pou li a te depoze yon deklarasyon pou fayit.
 - b. Si pasyan an mouri epi yo dekouvri li pa gen byen.
 - c. Si pasyan an mouri epi li te gen mwens pase 21 an lè li mouri a.

K. Itilizasyon Konplè Lèt Sous Asistans yo

1. Pasyan yo ka oblije fin itilize tout lòt pwogram asistans nan zafè kouvèti asirans sante leta ak federal anvan yo resevwa Asistans Finansye akòz difikilte finansye oswa pèsonèl anba Règleman sa a, tankou Medicaid, men pa limite a sa sèlman.
2. Pasyan ki ka kalifye pou kouvèti asirans anba yon kontra asirans sante ki aplikab dwe fin itilize tout avantaj asirans lan ofri yo.
 - a. Sa gen ladan pasyan ki kouvri anba pwòp kontra asirans yo ak moun ki ka gen dwa pou resevwa avantaj nan yon kontra asirans tyès pati.
 - b. IU Health ka mande pasyan yo pou yo montre prèv yo te soumèt reklamasyon sa a kòm sadwa bay konpayi asirans ki apwopriye a anvan yo ba yo Asistans Finansye.
3. Pasyan ki kalifye ki resevwa swen medikal nan yon etablisman IU Health akòz yon blesi yon tyès pati te lakoz dirèkteman, epi apres a ki resevwa yon dedomajman oswa yon montan lajan nan men tyès pati sa a, ka resevwa Asistans Finansye pou nenpòt balans ki poko peye ki pa kouvri nan dedomajman an oswa montan lajan an.
4. Si yo te deja bay Asistans Finansye nan sikonstans ki anwo yo, IU Health rezève dwa pou li anile Desizyon sou Asistans Finansye a pou yon montan ki egal a montan IU Health ta gen dwa pou li resevwa si yo pa t bay okenn Asistans Finansye.

L. Byen Pasyan yo

1. Gen sityasyon kote yon pasyan oswa moun ki bay garanti pou li a ka gen yon ase revni oswa byen ki pèmèt li peye sèvis swen sante tankou nan ka yon règleman jiridik. Komite Asistans Finansye a ka evalye revni an oswa byen yo pou detèmine difikilte finansye a.
2. IU Health ka mande pou yo ba li yon lis tout byen pasyan an oswa moun ki bay garanti a posede epi chanje Desizyon pou Asistans Finansye sou baz enfòmasyon sa yo.

M. Kalkil Frè pou Pasyan ki Kalifye pou Asistans Finansye

1. IU Health mete limit sou frè lopital yo faktire pasyan ki kalifye pou Asistans Finansye akòz difikilte finansye yo a yon montan ki pa depase Montan yo Faktire Anjeneral (AGB) nan etablisman lopital IU Health ki konsène a kote pasyan an te resevwa sèvis yo.
2. IU Health itilize metòd retwospektif la kòm baz pou li kalkile AGB a nan chak etablisman lopital IU Health. AGB a baze sou ranbousman mwayèn anyèl yo resevwa nan men tout konpayi asirans sante komèsyal yo ak frè pou sèvis Medicare.
3. Yo kalkile AGB a chak ane, li inik pou chak etablisman lopital IU Health ki gen lisans separe epi ki kouvri anba Règleman sa a, epi li disponib sou sitwèb IU Health la.
4. Metodoloji kalkil ki anwo a ak/oswa AGB pou yon etablisman lopital endividyèl disponib gratis sou demann alekri yo soumèt pa imèl nan FinancialAssistance@IUHealth.org oswa

VI. PWOSEDI

- A. Piblikasyon Disponibilite Asistans Finansye pou Kominote a
1. IU Health ap pran mezi sa yo pou asire l tout moun gen enfòmasyon kòm sadwa sou disponibilite Asistans Finansye ki anba Règleman sa a:
 - a. Poste Règleman sa a, yon Rezime Règleman sa a nan yon langaj senp, ak Aplikasyon pou Asistans Finansye a sou sit entènèt li a.
 - b. Bay pasyan yo yon Rezime Règleman sa a nan yon langaj senp pandan enskripsyon an ak/oswa lè y ap kite lopital la.
 - c. Poste afich ki byen vizib nan anviwònman swen egi ki apwopriye tankou depatman ijans ak zòn enskripsyon ki dekri asistans ki disponib la epi ki fè pasyan ki kalifye yo konnen ki kote y ap jwenn fòmilè Aplikasyon pou Asistans Finansye a.
 - d. Mete yon avi alekri ki byen vizib sou tout fakti pasyan yo apre yo fin kite lopital la pou avize pasyan an sou Règleman sa a epi ki gen nimewo telefòn Depatman Sèvis Kliyan an ki ka ede pasyan yo si yo gen kesyon konsènan Règleman sa a.
 - e. Mete reprezantan Sèvis Kliyan yo disponib pa telefòn pandan orè travay nòmal yo.
 - f. Voye kopi Règleman sa a, yon Rezime Règleman sa a nan yon langaj senp, ak yon fòmilè Aplikasyon pou Asistans Finansye bay pasyan yo oswa bay moun ki bay garanti pou yo a gratis, sou demann.
 - g. Kominike Règleman sa a bay tout moun nan kad jefò sansibilizasyon jeneral li yo.
 - h. Fòme manm ekip ki an kontak ak pasyan yo sou Règleman sa a ak pwosesis pou refere pasyan yo nan pwogram nan.
- B. Aplikasyon pou Asistans Finansye
1. Aplikasyon pou Asistans Finansye yo dwe gen ladan dokiman sa yo:
 - a. Tout sous revni pou Kay la oswa pou Moun ki Bay Garanti a pou twa (3) dènye mwa yo, ki gen ladan omwen youn nan bagay sa yo:
 - i. Twa (3) dènye fichye peman oswa benefis Sekirite Sosyal yo;
 - ii. Deklarasyon taks leta ak federal ki pi resan yo, ansanm ak tout lòt dokiman anplis; oswa
 - iii. Deklarasyon W-2 ki pi resan;
 - b. Twa (3) dènye deklarasyon ki soti nan kont chèk ak kont epay, sètifika depo, aksyon, obligasyon ak kont mache monetè.
 - c. Si revni pasyan an oswa moun ki bay garanti a pa jistifye depo yon deklarasyon taks federal, moun nan ka soumèt yon afidavi ki ateste sa ki anwo yo.
 - d. Si sa aplikab, jijman pou divòs/disolisyon ak òdonans tribinal pou lagad timoun.
 2. Yo ankouraje pasyan yo oswa moun ki bay garanti pou yo a ki vle aplike pou Asistans Finansye akòz difikilte finansye yo pou yo soumèt yon Aplikasyon nan entèval katreven-dis (90) jou apre yo fin kite lopital la. Pasyan yo oswa moun ki bay garanti pou yo a ka soumèt yon Aplikasyon jiska desan karant (240) jou apati dat premye fakti egzeyat pou kite lopital IU Health la, sepandan, kont yo ka tonbe anba yon ECA apati sanven (120) jou apre yo fin resevwa premye fakti egzeyat la.
 - a. Pasyan yo oswa moun ki bay garanti pou yo a ki soumèt yon Aplikasyon pou Asistans Finansye ki pa konplè pral resevwa yon notifikasyon alekri konsènan dokiman ki manke nan Aplikasyon an lè IU Health dekouvri sa. Aplikasyon an ap rete annatant pou yon peryòd karant-senk (45) jou apati dat yo voye notifikasyon an pa lapòs.
 - b. IU Health pral sispann nenpòt ECA jiskaske Aplikasyon an konplè oswa peryòd karanssenk (45) jou a ekspire.
 3. Pasyan ki gen konpetans limite nan lang Anglè yo ka mande yon kopi Règleman sa a, yon fòmilè Aplikasyon pou Asistans Finansye, ak yon Rezime nan Langaj Senp nan youn nan lang ki anba yo:
 - a. Arab;
 - b. Biman;
 - c. Biman - Falam;
 - d. Biman - Hakha Chin;
 - e. Mandaren/Chinwa; oswa
 - f. Espanyòl
 4. Pasyan an, ak/oswa reprezantan li yo, tankou doktè pasyan an, manm fanmi li, konseye jiridik li, gwoup kominotè oswa relijye, sèvis sosyal oswa anplwaye lopital la ka mande pou yo voye

yon fòmilè Aplikasyon pou Asistans Finansye pa lapòs nan adrès postal prensipal pasyan an, gratis.

5. IU Health kenbe konfidansyalite tout Aplikasyon pou Asistans Finansye ak dokiman sipò yo.
6. IU Health pral refize oswa anile Asistans Finansye pou nenpòt pasyan oswa moun ki bay garanti ki falsifye nenpòt pòsyon nan yon Aplikasyon pou Asistans Finansye.

C. Desizyon pou Asistans Finansye

1. Apre IU Health fin resevwa yon Aplikasyon konplè ansanm ak tout dokiman yo mande yo, li pral enfòme pasyan yo oswa moun ki bay garanti yo sou rezilta Aplikasyon yo a lè li bay pasyan an oswa moun ki bay garanti ia yon Desizyon sou Asistans Finansye a nan katreven-dis (90) jou.
2. Aplikasyon pou Asistans Finansye ak Desizyon sou Asistans Finansye yon pasyan espesifik pou chak dat sèvis ak rankont ki apwouve ki gen rapò ak li.
3. Si yon pasyan oswa yon moun ki bay garanti resevwa asistans finansye ki mwens pase montan maksimòm ki te prevwa epi pasyan an oswa moun ki bay garanti a bay plis enfòmasyon pou yo re-egzamine demann lan, Sèvis Revni an (Revenue Cycle Services) ka retounen sou Desizyon pou Asistans Finansye yo te pran anvan.

D. Mezi Rekouvreman Eksepsyonèl

1. IU Health ka transmèt kont an soufrans pasyan bay yon ajans rekouvreman tyès pati apre li fin fè efò rezonab pou li detèmine si yon pasyan kalifye pou asistans anba Règleman sa a. Efò rezonab yo enkli bagay sa yo:
 - a. IU Health ak Ajans Rekouvreman Tyès Pati li a ap avize pasyan an sou Règleman sa a omwen trant (30) jou anvan yo kòmanse yon ECA.
 - b. IU Health ak Ajans Rekouvreman Tyès Pati li a p ap kòmanse yon ECA pou omwen sanven (120) jou apre premye deklarasyon fakti pasyan an apre lè pasyan an kite lopital la.
 - c. IU Health ak Ajans Rekouvreman Tyès Pati li a pral revize tout Aplikasyon pou Asistans Finansye yo resevwa nan yon delè desan-karant (240) jou apre premye deklarasyon fakti apre pasyan an fin kite lopital la. IU Health pral sispann nenpòt ECA li te kòmanse lè li resevwa yon Aplikasyon pou Asistans Finansye jiskaske yo pran yon Desizyon pou Asistans Finansye a selon Règleman sa a.
 - d. Si yo apwouve yon Aplikasyon, IU Health ak Ajans Rekouvreman Tyès Pati li a ap bay yon deklarasyon revize, y ap bay ranbousman, epi fè efò rezonab pou anile ECA yo jan sa nesèsè.
2. Lè li nesèsè pou angaje yo nan aksyon sa yo, IU Health ak ajans rekouvreman tyès pati li yo ap angaje yo nan aktivite rekouvreman ki jis, ki respekte moun, epi ki transparan.

E. Ranbousman

1. Pasyan ki kalifye pou Asistans Finansye selon Règleman sa a ki te remèt peman bay IU Health ki plis pase montan Patisipasyon Finansye Pasyan yo a pral resevwa yon avètisman sou peman an pi vit posib apre yo fin dekouvri li, selon nati peman an.
2. Ranbousman yo dwe bay pasyan ki gen yon balans ki poko peye sou yon kont apa ap aplike sou balans ki poko peye a.
3. Pasyan ki pa gen yon balans anreta sou kont yo jan sa dekri pi wo a ap resevwa yon chèk ranbousman pou tout montan yo te peye anplis yo, nan pi bon delè ki posib la.

VII. REFERANS KWAZE

Okenn

VIII. REFERANS/SITASYON

Okenn

IX. FÒMILÈ/ANÈKS

Fòmilè Aplikasyon pou Asistans Finansye IU Health

X. ÒGANIS APWOBASYON AN, SI SA APLIKAB

Okenn

27 Janv 2026

Dat yo Siyen I

1ye Janv 2026

Dat Antre Anvigè